

Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo

Long Island
2019



Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan Depatman Edikasyon Leta New York.

Lè yon kominote gen paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe yon wòl parantal ki enfòm e ki otonòm se bagay ki kritik pou asire Aprenan Plizyè Lang (Multilingual Learners, MLL yo)/ Aprenan Lang Angle yo (English Language Learners, ELL yo) resevwa bonjanpò yo bezwen an e pou yo pwospere. Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (OBEWL) nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye

- Liy Asistans Telefonik pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle - Yo kreye liy asistans telefonik sa a pou bay paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe wòl paran pou timoun MLL yo/ELL yo, enfòmasyon sou dwa yo ak sou sèvis kdisponib pou pitit yo, konfòmeman ak Règleman Komisyonè 154 (Commissioner's Regulation 154). Epitou li gen yon sistèm ladann pou reponn kesyon byen presi sou fason yo bay sèvis sa yo. Nimewo telefòn nan: (800) 469-8224 <https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/ellparent hotline>
- Gid pou Paran NYSITELL ak NYSESLAT Gid sa yo bay yon espikasyon sou 2 nan tès evalyasyon ki evalye nivo/ konpetans nan lang Angle pou elèv ke Angle se pa lang manman yo oswa se pa lang yo pale lakay yo. Yo tradui gid yo nan venn-de lang. <http://www.nysed.gov/bilingual -ed/nysitell- and-nyseslat-parent-guides>
- Videyo Oryantasyon pou Paran: Pwogram pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York, disponib nan 10 lang - *Videyo ki fèt ak desen anime sou fon blan sa a dekri metòd yo itilize pou idantifye ak evalye MLL/ELL yo; lèfini li dekri an detay plizyè opsyon pwogram ki disponib.* Epitou videyo a dekri diferans ki genyen ant pwogram Angle kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language) ak divès modèl pwogram Edikasyon Bileng (Bilingual Education) yo. <http://www.nysed.gov/bilingual -ed/parent-orientation -video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state>.
Tèks Naratif Videyo a disponib tou nan 9 lòt lang. <http://www.nysed.gov/bilingual -ed/parent-orientation -video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state>
- Chimen Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle - Yon Gid Pou Antre Nan Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York. <http://www.nysed.gov/bilingual -ed/roadmap -college>
- Metsouli, chak biwo nan Depatman Edikasyon

Konsèy sou Dènnye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon

Depatman Edikasyon Leta New York (NYSED) pran angajman pou l asire l lekòl nou yo rete yon refij kote tout elèv ka aprann an tout sekirite. NYSED ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral nan Leta New York la soumèt konsèy suivan yo pou pwoteje elèv ki se imigran yo.

Enfòmasyon ki konsène kondisyon imigrasyon yo:

- ™ Selon Lwa sou Edikasyon nan Leta New York la, tout timoun ki gen plis pase senk lane epi mwens pase venteyen lane daj epi ki pako resevwa yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou yal nan lekòl piblik nan distri lekòl kote yo abite a san yo pa peye frè eskolarite kèlkeswa kondisyon sitwayènte oswa kondisyon imigrasyon yo.
- ™ Nan ka Plyler v. Doe (Plyler kont Doe), Kou Siprèm Amerikèn nan te deklare ke distri lekòl yo paka refize elèv yon edikasyon piblik gratis poutèt yo pa gen papye oswa poutèt yo pa sitwayen ameriken, oswa sou baz estati paran oswa responsab legal yo.
- ™ Lè enskripsyon yo, lekòl yo pa fèt pou poze kesyon ki ka revele kondisyon imigrasyon yon timoun, sètadi yo pa dwe mande pou yon nimewo Sekirite Sosyal.
- ™ Konsènan kesyon U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) poze, ikonpri demann yo soumèt pou rankontre oswa entèvyouve elèv, oswa demann pou aksede dosye elèv yo, anplwaye distri lekòl yo fèt pou konsilte sipè-entandan yo ak avoka ki reprezante lekòl yo imedyatman pou konnen si lè yo onore yon tèt demann sa ka lakòz distri a vyole yon lwa aplikabilite jeneral, ki enkli lwa New York Family Court Act (NYFCA) [Lwa pou Tribinal ki Trete Ka Familyal nan New York] ak lwa federal Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) [Lwa sou Dwa Edikasyon Familyal ak sou Pwoteksyon Vi Prive].

Enfòmasyon konsènan diskriminasyon, asèlman ak entimidasyon nan lekòl yo:

- ™ Lwa Dignity for All Students Act (DASA) [Lwa Diyite pou Tout Elèv] nan Leta New York la te pwomilge nan lane 2012 pou bay elèv yo yon anvivònman san danje e ki ankourajan, san diskriminasyon, san asèlman, ak san entimidasyon anndan enstalasyon lekòl la, nan otobis lekòl epi/oswa nan yon aktivite eskolè, epi yo te amande lwa sa a nan lane 2013 pou li enkli entimidasyon vityèl (pa mwayen elektwonik).
- ™ NYSED bay distri, paran ak responsab legal yo sipò lè yo gen kesyon konsènan DASA. Ou ka kontakte Depatman an nan:
 - o The Office of Bilingual Education and World Languages (Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal) nan (718) 722-2445 oswa nan obewl@nysed.gov
 - o The Office of Student Support Services (Biwo Sèvis Asistans Elèv la) nan (518) 486-6090 oswa nan studentsupportservices@nysed.gov
 - o Si ou bezwen èd ki gen rapò ak lang, kontakte Liy Asistans Telefonik pou Paran nan Language Regional Bilingual Education Resource Network (RBERN) nan (800) 469-2224 oswa ale nan nysparenthotline@nyu.edu.
- ™ Pou ka gen yon kopi ofisyèl sou komunikasyon ak tradiksyon sa yo, tanpri ale nan: <http://www.nysed.gov/bilingual-ed/information-regarding-recent-immigration-related-actions>.

Konsèy biwo Gouvènè New York la bay:

- ™ Selon Lòd Egzekitif 170 Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen an, ajans ak fonksyonè Leta New York yo pa gen dwa pou yo poze kesyon oswa revele enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon okenn moun, amwenske lalwa egzije yo fè



Kijan pou Itilize Gid sa a

Depatman Edikasyon Leta New York kwè toutbon ke edikasyon yon timoun pa fèt nan salklas sèlman, men li fèt tou lakay yo ak nan kominote yo. Nan anyè sa a, gen yon lis òganizasyon kominotè nan Long Island ki ofri diferan sèvis ki ka itil pou imigran New York yo.

- ™ Anyè a bay non òganizasyon yo, adrès yo, enfòmasyon pou kontakte yo, yon ti deskripsyon sou sèvis yo ofri yo ak nan ki lang yo bay sèvis sa yo.
- ™ Yo mete òganizasyon yo pa òd alfabetik.
- ™ Laplipa sèvis ki sou lis la gratis. Sepandan gen kèk ladan yo ki pa gratis. Toujou konfime pri aak òganizasyon an anvan menm ou itilize sèvis yo bay yo.
- ™ Pou ka asire w pwogram yo disponib, yo rekòmande pou rele òganizasyon an davans.

Senbòl fonsè ki parèt sou kote chak òganizasyon reprezante sèvis li bay yo.

Defans ak Angajman Kominotè

Swen Medikal ak Asirans

Lojman

Travay ak Anplwa

Sèvis Legal ak Eitati Legal

Asistans Piblik

Pwoteksyon

Sèvis pou Jenn ak Edikasyon

Anyè Òganizasyon yo

1. Adelante of Suffolk County, Inc. (Central Islip, NY)
Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Panyòl
83 Carleton Ave., Central Islip, NY 11722

- | | |
|--|--|
| <p>5. Centro Salvadoreño, Inc. (Hempstead, NY)
 Lang: Angle, Panyòl
 54 Washington St. #1 & #2, Hempstead, NY 11550
 Telefòn: (516) 565 1550
 Li bay kominote imigran Ispanik nan Hempstead enfòmasyon, edikasyon ak asistans yo bezwen. Pami sèvis yo li bay kou Angle ak Panyòl; enfòmasyon souravay, lokatè ak dwa sivil; asistans ak sèvis imigrasyon ak natiralizasyon; tradiksyon; èd pou ranpli aplikasyon pou sèvis sosyal epi li pibliye dokiman ki bay enfòmasyon.</p> | |
| <p>6. Círculo de la Hispanidad (Hempstead, NY & Long Beach, NY)
 Lang: Angle, Panyòl
 605 Peninsula Blvd., Hempstead, NY 11550
 Telefòn: (516) 2820145
 http://cdlh.org/
 Li desèvi kominote imigran Long Island nan atravè pwogram edikasyon; pwogram alfabetizasyon nan lang Angle ak Panyòl; sèvis preparasyon pou tès GED ak karyè; vyolans domestik; lojman; VIH/SIDA ak sèvis pou jèn yo.</p> | |
| <p>7. Colonial Youth & Family Services (Shirley, NY)
 Lang: Angle, Panyòl
 2 Coraci Blvd. Suite 17, Shirley, NY 11967
 Telefòn: (631) 281-4461
 http://colonialyfs.com/
 Li ofri pwogram gadri pou tout laj; sèvis klinik ak konsèy; yon gwoup volontè elèv; ak sèvis asistans fanmi.</p> | |
| <p>8. Community Legal Advocates of New York (Garden City, NY)
 Lang: Angle, Panyòl</p> | |

17. Health and Welfare Council of Long Island (Melville, NY)
Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Panyòl
150 Broadhollow Road Suite 118, Melville, NY 11747
Telefòn: (516) 4831110
<http://www.hwcli.com/>

21. The Interfaith Nutrition Network (Hempstead, NY)

Lang: Angle, Panyòl

100 Madison Ave., Hempstead, NY 11550

Telefòn: (516) 4868506

<https://the-inn.org/>

Yo jere yon kizin ki bay manje (soup kitchen) nan Hempstead, Long Beach, Freeport ak

24.

28. Long Island Language Advocates Coalition

Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Panyòl

<https://www.longislandlanguageadvocates.org/>

Se yon òganizasyon kap chèche amelyore aksè nan pwogram pou moun ki pa pale Angle byen atravè

32. Organización Latino -Americana of Eastern Long Island (Sagaponack, NY)

Lang: Angle, Panyòl

P.O. Box 278, Sagaponack, NY 11962

Telefòn: (631) 8993441

<https://www.oiaofeasternlongisland.org/>

Li travay nan domèn atizay, edikasyon ak domèn kiltirèl atravè òganizayson festival film, pwodiksyon teyatral, kou Angle Kòm yon Dezyèm Lang (ESL) ak kou enfòmasyon, sesyon enfòmasyon sou lidèchip, fowòm edikatif ak efò pou defans.

33. Pride for Youth (Bellmore, NY)

Lang: Angle, Panyòl

2050 Bellmore Ave., Bellmore, NY 11710

Telefòn: (516) 6799000

<https://longislandcrisiscenter.org/>

Li travay antanke founisè sèvis dirèk ak defansè pou jèn jouk rive nan laj 30 lane, k lesbyèn, masisi, biseksyèl, transeksyèl ak omoseksyèl/sa kap kesyonnen (LGBTQ) kinn Long Island, epi li bay konsèy, edikasyon ak lòt sèvis sipò.

34. Pronto of Long Island, Inc. (Bay Shore, NY)

Lang: Angle, Panyòl

128 Pine Aire Drive, Bay Shore, NY 11706

Telefòn: (631) 231-8290

<http://www.prontolongisland.com/>

Li ofri aktivite kominotè, yon bank alimantè, sant likidasyon ak yon depo ki gen atik menaje yo apèn itilize, ansanm kou Angle Kòm yon Dezyèm Lang ak kou sitwayènte.

Resous Toupatou nan Eta a

Gid Resous pou Imigran nan Leta New York (

yo)/Aprenan Plizyè Lang (MLL yo). Nan sitwèb la yo ofri règleman ak memorandòm ki ajou; epi yo ofri resous pou paran ak nimewo telefòn asistans pou fanmi elèv ELL/MLL nan lekòl New York yo

Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a

American Immigration Lawyers Association – New York Chapter

<http://www.aiany.org/>

American Immigration Lawyers Association se yon asosyasyon avoka ki pratike e ki anseye davsou imigrasyon. Yo reprezante dè dizèn de milye biznis ak endistri Ozetazini, etidyan etranje, atis, atlèt, ak moun kap mande azil, souvan sou baz *pro bono (gratis)*

Asian American Federation

<http://www.aafny.org/>

Asian American Federation reprezante ajans sèvis kominotè rezo pàrAzyatik nan zòn Nòdès la. Yo travay nan domèn rechèch, defans règleman, konsyantizasyon piblik, ak devlopman òganizasyonèl nan domèn sante ak sèvis imen, edikasyon, devlopman ekonomik, pat sipasyon sivik, ak jistis sosyal.

Empire Justice Center

<https://empirejustice.org/>

Empire Justice Center se yon òganizasyon ki toupatou nan eta a kap chèche ranfòse dwa legal moun ki nan New York ki pòv e ki pa gen dwa fondamantal. Yo bay fòmasyon, sipò ak asistans teknik pou sèvis legal, yo ofri moun asistans legal dirèk nan domèn sivil

National Association for the Advancement of Colored People (NAACP)

<https://www.nysnaacp.org/>

NAACP travay pou l defann egalite sou plan politik, edikasyon, sosyal ak ekonomik pou tout sitwayen. Epi li travay pou yon sosyete kote tout moun gen men m dwa san diskriminasyon ki baze sou ras. Yo travay nan domèn angajman sivik, jistis krimine skm,s-6.1(na2n s)-032(g)-1(a3(jis)-2(ks2.59jm)-0.8g)-1(a3(s)-2.9(e-2.2(n)-2.2(g)-

Remèsiman

Nou ta renmen remèsye patikilyèman tout moun ki te bay patisipasyon yo pou nou te ka kreye gid sa a. Metsouli, nou apresye asistans enstitisyon suivan yo te bay:

Advocates for Children

™

Education Trust NY

™

Hispanic Federation

™

New York Immigration Coalition

™